



KURIMWA KWECHIBAGE ZVINOENDERANA NEKUSHANDUKA KWEMAMIRIRO EKUNZE



1. Zvakanakira kurima chibage

- Chirimwa chakakosha chinounza mari
- Chirimwa chinodiya nguva zhinji neruzhinji munharaunda zhinji
- Chirinyore kuchengetedza uye chinobatsira kana muchinge mawirwa nedambudziko musina kuzvitarisira.
- Chinoshandiswa pakugadzira chikafu chezvipfuyo uye chinokwanisa kurimwa chichitevedzana nezvimwe zvirimwa pamunda umwe chete.




2. Zvinotarisirwa pamamiriro ekunze nemamiriro eivhu

- Chinoda mvura inonaya zvakanaka uye chinoda kurimwa nenguva chaiyo.
- Chinoita mvhu rinofamba mvura zvakanaka.
- Ivhu rinofanira kunge rine pH iri pakati pe5.5 kusvika pa6.5
- Chinobatsirika zvokuru kana pakashandiswa mbeu yemhando yepamusoro pamwe nemafetiraiza.



3. Nguva yekudyara

- Nguva yekudyara inodiydzana nekusarudza mhando yembeu yepamusoro
- Kukasika kudyara kunopa goho ra kakura
- Dyarai panotanga kunaya mvura chairovo isingachamiri kunaya- kazhinji kacho kupera kwaMbudzi kusvika kutanga kwaZvita.




4. Kugadzirira Munda

- Timbai kana kugadzirira munda nemapadza, zvipfuyo zvekirimisa kana netirakita.
- Kushandura zvirimwa zvinorimwa pamunda umwe chete kuti chimwe chorimwa gore rino chimwe chorimwawo gore rinotevera kwakakosha
- Dyarai chibage pamabvisa zvirimwa zvakaite sebhinzi.
- Isai fetiraiza mavhiki gumi nemaviri musati matanga kudyara kuti ivhu rive nepH inotarisirwa.



5. Kudyara

- Sarudzai mhando yembeu yamunoda kudyara pakati pembeu isina kuwuchikwa inobva pagohwo remwaka wakadarika kana dzakauchikwa zvemhando yepamusoro
- 25kg yembeu inokwana pahakita rimwe chete
- Dyarai mbeu dzakatarangana 60cm kubva pane imwe.
- Mitsara yechibage inofanira kunge yakapatsana 75cm kubva pane umwe kuenda pane umwe.
- Kudzika kwegomba kunofanira kuva 5-8 centimeters
- Kanda tsanga mbiri dzembeu yechibage mugomba rimwe chete.
- Rima wakanganana nekubuditsa chibage 44000 pahakita rimwe chete.



6. Fetiraiza

- Mhando yeFetiraiza yepasi yamunokwanisa kushandisa iCompound D Munoshandisa pakati pe200kg kusvika 300kg pahakita rimwe chete)
- Isai fetiraiza mowedzera nemanyowa/mufudze kana maona zvakananira.
- Isai fetiraiza yepamusoro (ammonium nitrate AN) mavhiki maviri kana mana chibage chisati chatanga kubuditsa muचेकरा.
- Chipimo chinokurudzirwa chefetiraiza inoiswa pamusoro (Top) peivhu rakanyorova chinoti 150-200kg pahakita rimwe chete.





FEED THE FUTURE

The U.S. Government's Global Hunger & Food Security Initiative



7. Kudiridza

- Diridzirai mushure mekudyara kana kuti musati madyara.
- Kutu muwane gohwo rakakura, ivai nechokwadi chekuti chibage chawana mvura yakakwana pakukura kwacho kwese kunyanya pachinenge chive kubereka.
- Panguva inombomira kunaya mvura kwechinguva chirefu, ivai nechokwadi chekuti chirimwa chenyu chadiridzirwa zvakanwana.
- Chibage chinofanira kuramba chichidiridzirwa kusvika chakura.



8. Kubviswa Kwesora

- Hachidi sora zvachose. (kurudziro ndeyekuti mushandise mishonga yekuuraya sora.)
- Bvisa sora kuti chibage chisakwikwidzane nesora pakuwana zvinokudza zvirimwa zviri muvhu, mvura, zuva nenzvimbo.
- Kubviswa kwesora kunogona kuitwa nemaoko kana kushandiswa kwemishonga kana kushandisa nzira dzese dziri mbiri.
- Pakusarudza mishonga yekushandisa inouraya sora, sarudzai zvichienderana nemhando yesora pamwe nekutarisa kuti ndechipi chirimwa change chiri mumunda uyu pasati padyarwa chibage pamwe nekuona kuti unoita marii.



Kurwisana netupukanana nezvirwere

- Garai muchiongorora kuti muone kana pave netupukanana
- Zvipukanana zvinowananzwanikwa muchibage zvinosanganisira makonye anogara muvhu anodya chibage anonzi false wireworms negonye rinonyanya kuya mashizha echibage rinonzi fall army worm pamwe nezvipembenene zvinonzi chafer beetles.
- Shandisai mishonga yekuuraya **tupukanana** inoshanda mune chibage.



10. Kukohwa

- Kohwai mushure mekunge miguri yakura uye chibage chaamarara uye pane dzimwe mhando dzembeu, tsanga dzinenge dzave kutokonyoreka zviri nyore kubva **pachiguri uye dzinove nepamwe pakacheneruka senzira yekutaridza kuti dzaoma.**
- Itai zvekutora **nemaoko** miguri yasimba moisa mumadara echibage ari panze.
- Zvayamunaita mushure mekukohwa zvakanosha pakuchengetedzwa kwechibage pakati pekukohwa nekuzodyiwa kwechibage.
- **Musachengetera** chibage pane hunyoro hwakawanda uye shandisai Actellic Gold Dust kupfupira chibage kubva kuzvipfukoto zvakaite se large grainboer (LGB).



11. Mbeu Yemwaka Unotevera

- Kushandisa mbeu yemhando yepamusoro kwakakosha kana murimi achida kubudirira pakurima chibage
- Tengai mbeu kubva kune makambani akanyoreswa uye ane mvumo yekutengesa mbeu, **vanotengesa zvekurima** kana vaye vanotengesa mbeu yakawanda (wholesalers)
- Hazvikurudzirwi kutenga mbeu pamisika kana kubva kune vanongotengesa mbeu zvisina mvumo.



12. Zvinowanika kubva Pakurima Chibage

- Ndicho chirimwa chinopa tsanga dzakawanda panzvimbo yarimwa kudarika zvimwe zvirimwa zvese.
- Kazhinji hekita rimwe chete rinogona kukupai chibage chinovika matani 4.3
- Haushayi kwekuchitengesera nekuti pane vakatomirira kutenga chibage nguva dzese.
- Pamadhora zana ashandiswa pakurima chibage, tarisirai kuwana **madhora zana nemakumi masere.** Mushure mekubvisa mari dzakashandiswa munosara nemadhora makumi masere inovwe mari yaberekwa uye ichasara muhomwe.
- Kana chibage chikarimwa nemazvo chinogona kudzora mari yamashandisa zvapaketwa kaviri.



USAID
FROM THE AMERICAN PEOPLE

Gwaro rino rakagadzirwa kuburikidza nerubatsiro kubva kuvanhu veku America uye rutsigiro rwemari kubva kusanganu re Feed the Future nere USAID.